


- Kenbe tout randevou w genyen yo avèk konseyè pwofesyonèl ou an epi rive alè nan randevou sa yo
- Fè rankont avèk yon Kòdonatè Ankourajman Pou Travay nan Kominote pou pale sou plan avantaj yo pandan w ap chèche kenbe yon travay

Agency for Persons with Disabilities
1-866-APD-CARES (1-866-273-2273)
(850) 488-4257
apdcare.org

Sa Pou Atann Nan Men Konseye Pwofesyonèl Ou An



Pou w ale travay, kontakte biwo APD lokal ou a oswa mande kòdonatè sipò ou an ba w plis enfòmasyon sou sèvis sip nan travay yo



Northwest Region 850-487-1992

Bay, Calhoun, Escambia, Franklin, Gadsden, Gulf, Holmes, Jackson, Jefferson, Leon, Liberty, Okaloosa, Santa Rosa, Wakulla, Walton, and Washington counties

Northeast Region 1-844-766-7517

Alachua, Baker, Bradford, Clay, Columbia, Dixie, Duval, Flagler, Gilchrist, Hamilton, Lafayette, Levy, Madison, Nassau, Putnam, St. Johns, Suwannee, Taylor, Union, and Volusia counties

Central Region 407-245-0440

Brevard, Citrus, Hardee, Hernando, Highlands, Lake, Marion, Orange, Osceola, Polk, Seminole, and Sumter counties

Suncoast Region 1-800-615-8720

Charlotte, Collier, DeSoto, Glades, Hendry, Hillsborough, Lee, Manatee, Pasco, Pinellas, and Sarasota counties

Southeast Region 561-837-5564

Broward, Indian River, Martin, Okeechobee, Palm Beach, and St. Lucie counties

Southern Region 305-349-1478

Dade and Monroe counties



Kisa Sipò Nan Travay Ye?



Objektif chak moun Ajans pou Moun Andikape (APD) bay sèvis se genyen yon travay nan kominote a pou yo kapab gen yon salè mimimòm oswa yon salè ki pi wo nan travay moun lan chwazi a.

Sipò nan travay se yon sèvis yo ka bay avèk finansman ki soti nan APD. Sèvis sa a gen ladan l chwazi ak rekrite yon konseye pwofesyonèl oswa konsiltan nan zafè travay pou ede yon moun ki andikape a jwenn epi kenbe yon travay ki konpetitif.

Wòl yon Konseye Pwofesyonèl

Yon konseye pwofesyonèl APD ede moun ki gen andikap devlopmantral yo jwenn epi kenbe travay nan fè konpetans ak enterè yo koresponn. Yon konseye pwofesyonèl pral evalye konpetans, talan ak enterè yon moun gras a konvèzasyon ak obsèvasyon.

Responsablite Yon Konseye Pwofesyonèl

- Pwograme yon premye rankont pou devlope yon plan pou w jwenn travay
- Ede w fè yon seve
- Ede w ranpli aplikasyon pou travay yo
- Pratike kesyon ak repons entèvyou yo avè w
- Òganize fo entèvyou avèk patwon nan kominote yo
- Itilize kontak li genyen nan biznis yo pou l chèche debouche yo
- Ede nan kòdone transpò lè sa nesesè
- Aji tankou yon moun k ap fè lyezon avèk APD pou bay dènye enfòmasyon sou pwogrè moun k ap aplike pou travay la ap fè pandan

tout pwosesis rechèch la

- Bay enfòmasyon pou kontakte Kòdonatè Ankourajman Pou Travay nan Kominote a (CWIC), yon konseye gratis pou avantaj yo, pou ede ogmante revni an nan diminye enpak potansyèl revni an sou avantaj gouvènman yo

Responsablite Patisipan An Nan Sipò Nan Travay la

- Se pou w patisipe nan aktivite sipò nan travay yo
- Se pou w ouvè epi reyalis konsènan kalite travay ou enterese ladan l lan, bezwen transpò yo, travay anvan ak esperyans benevola yo
- Konseye pwofesyonèl ou an responsab pou ba w zouti pou w reyisi, men se ou ki pou decide itilize zouti sa yo
- Fè travay yo ba w fè yo, chèche ak aplike pou travay poukont ou epi pratike teknik entèvyou yo